# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДА БАСҚЫ ЖАНРЫ

**С.Баўатдинова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: ҳазил, сатира, жанр, фольклор, мотив, ижро этувчи, импровизация, жонли, ҳаётий, миллийлик, бадиий санъат, синкретизм.

**Ключевые слова**: юмор, сатира, жанр, фольклор, мотив, исполнитель, импровизация, живое, быт, национализм, искусство, синкретизм.

**Key words**: humor, satire, genre, folklore, motive, performer, improvisation, live, life, nationality, art, syncretism.

Басқы (басқыласыў, ҳәзиллесиў) тиккелей тапқырлық, ҳәзир жуўаплық, шешенликтиң туўындысы. Басқы сөзлери халықтың социал-психологиялық жағдайын жақсы билген, миллий өзиншенликти бойына жәмлеген, турмыслық тәжрийбеси мол адамлар, талантлылар тәрепинен дөретилип пайда болған жанр.

Басқы-қарақалпақ халқының көркем аўызеки әдебиятының бир жанры сыпатында жасап киятырған өмиршең әдебий қубылыс. Ҳәр қандай бир жанрдың мазмунын, формасын өзгешеликлери менен түсиниў, оларды бир-биринен айырыў, олардың жәмийетлик функциясын анықлаў фольклaристика ушын ең әҳмийетли мәселелердиң бири. Ҳәр бир жанр белгили бир мазмунды аңлатыўы, сол жанрдың мүмкиншилигине байланыслы қандай дәрежеде болсада шегараланған болады. Басқы сөзлериде усы шегараны сақлаған ҳалда жанр сыпатында қәлиплескен. Басқы сөзлери айтысларға уқсағаны менен жанрлық тәбияты өзгеше. Мәселен, қарақалпақ фольклорының V томында басқы сөзлерге жүдә жақын айтыс түрлери берилген.

**1) Айтыс:**

*жигит*: Ҳәр ким уста болмас сазға,
Нама жақсы қумарпазға
Бирге отырған ер жигитлер
Дегишип отыр қатар қызға
*қыз:* Дегишпели жигитлер
Дегишпеге келеди
Дегишпесиз жигитлер
Шай ишпеге келеди. [1:71-74]

**2) Ҳәзил, басқы:**

Өлмесек шығамыз жазға,
Дузақ қурамыз ғазға
Бул текениң териси ем болады
Төребек қусаған тазға
Оңысық басқа, ҳәз басқа
Шыбын қонар таз басқа. [1:78]

Биринши мысал қыз-жигитлер айтысынан, екинши мысал басқы-ҳәзил сөзлери. Екеўинде де айтыс бар. Айтыс жанрында даўамлы түрде ўақыя баянланады, басқыда ўақыяны даўам еттириў күтилмейди, тез басқы сөзлер менен басып таслаўға ҳәрекетленеди. Даўамлы ўақыя түсиниклери, дәстүри өз алдына өзгешелик берип, айтыстың жанрлық белгилерин характерлеп тур. Ҳәр бир жанрдың мазмуны тийкарында пайда болатуғын көркемлилик өзгешеликлери, шағарманың қурылысы, образлары, сүўретлеў қураллары жанрды айырыўда тийкарғы белгилериниң бири болады. Фольклорлық дөретпелердеги жанрлық бөлиниўлер халықтың өзи тәрепинен айдар тағылған атамалар менен әсирлер бойы қәлиплескен традициялық формасына ийе.

Басқы жанрының жасаў орталығы халық ишинде, атқарыўшыларыда халық ишинен шыққан талантлы, тилге шешен ўәкиллери. Басқы сөзлер басқыласып атырған еки адамның ортасында, сол ўақыттың өзинде импровизация усылы менен пайда болады. Көтерген мәселелери бойынша өзине тән мотивтеги бирлик ҳүким сүреди. Бул биринши сөз етилип атырған ўақыя, ўақыт ҳәрекетлердиң жәмленгенлиги менен түсиниледи, оның ҳәр қыйлы усыллары ҳәм жоллары болады.

Қосықлардағыдай сулыў сезимлер, нақыл-мақаллардағыдай жақсы менен жаманды айырыўшылық, жумбақлардағыдай шешкишлик, ертеклердегидей әжайып ҳәдийселерди сүўретлеўшилик сыяқлы характерли белгилер, басқы сөзлеринде «сөз тапқанға қолқа жоқ» дегендей еки қарсылас басқыласыўшының сол жерде жүйели сөзлерди табыўды ҳәм биреўиниң жеңиўи арқалы жуўмақ жасалыўы, қысқалығы, өткир мазмунлығы менен, ҳәзилдәлкеклик сыпатқа ийе қәсийетлери менен айырымланып турады. Халқымыздың турмысында, 70-жылларға шекем той болса тойда бақсы айттырыў, бақсыға арнаўлы түрде пул таслап нама алыў дәстүри болған. Тойға келген халықтың ишинде дайылы-жийенлер, қурбы-қурдаслар, қудаша қызлар ҳ.т басқалар бирин-бири басқыласып нама алысқан. Сонда бақсы өзиниң бар тапқырлығы, таланты, импровизациялық усыл менен олардың тилеклерин орынлап, руўларына, кәсип-кәрине, минез-қулқына байланыслы мағлыўматлардан, бурыннан бар халық ишиндеги қосық қатарларынан пайдаланып, қосық тоқып, сазға қосып тойға келген дуйым журтты күлдирип, кеўлин хошлаған. Бирли жарым үйлене алмай жүрген бойдақ жигит болса, оны да жеңгелери яки қурбы-қурдаслары басқыға алып нәтийже шығарыўды мақсет еткен.

Мәселен: Нурлыбайдың дайысы
Шүйит екен яранлар
Тойға хабар барғанда
Шубырысып барлығы
Тойханада табысқан
Қонақ асы пискенде
Шөмишин алып жуўырған.
ямаса: Бир, еки, үш бойдақ,
Үмитлери пуш бойдақ,
Жақсы қызларға қарай,
Қанат байлап уш бойдақ [2]

Басқы сөзлери көбинесе қара сөзлер менен, сийрек жағдайда қосық қатарлары менен атқарылады. Қарақалпақ фольклорында басқы сөзлери ҳаққында жүдә аз мағлыўмат берилген. Ҳәттеки басқы сөзлери халық ишинде жүдә көп болса да, елеге шекем халық пенен бирге жанлы жасап киятырған жанрлық тәбиятына ийе болсада олар жыйналмаған. Қарақалпақ фольклорының көп томлығының V томында халық қосықлары, салтдәстүр жырлары берилген. Айтыслардың қатарында 78-бетинде «Ҳәзил басқы» деген атама менен басқының тек бир мысалы ғана орын алған. Басқы сөзлериде халықтың руўхыятын көтерип, тәбиятына тән болған миллий өзгешеликлерди көрсететуғын, халықтың өзи дөретип атырған халық аўызеки көркем дөретпелери қатарына киретуғын бай ғәзийнеси. Басқы -бул қарақалпақлардың әзел-әзелден қанына сиңген ҳәзил-дәлкектиң бир түри. Басқы дайы менен жийенниң, қәйин менен жездениң әсиресе қатар жора-жолдастың отырыспаларында қызады. Бундайда айтылған ҳәр қандай ашшы гәпке өкпелеўге болмайды. Басқыға адамның адамы шыдайды. Шыдамағанлар мерекеден шығып кетиўге мәжбүр болады. [3].

Бул пикир қарақалпақ халқының тәбиятына тән болған, өмирди сулыў түсиниўге, бойын жазып, ишки

дебдиўлерин ҳәзиллесип, басқыласып шығарыўды унататуғын халық екенлигин сыпатлайды. Басқы жанрында тапқырлық пенен ақыл тәрезиси тең турады. Басқыласыў арнаўлы түрде таярланып айтылмайды. Бунда тиккелей импровизация, суўырып салып тапқырлық пенен нышанаға алынған объекттеги адамды көркем, өткир сөзлер менен басқылайды.

Мысалы: 1) Бир күни институттың алдында докторлық диссертациясын жақында жақлаған Сәрсенбай деген жигит тынбай түтетип сигарет шегип тур екен. Оны бирге ислейтуғын балдызы көрип; - Сәрсен аға өзиң өлейин деп зорға доктор болдың, сигарет өкпеңди жеп қояр, апамды жесир қалдырма, енди жеттим дегенде рәҳәтин көрсин, -деп атырса, бул гәпти Сәрсенниң жорасы Гүлмырзада еситип қойып:- Сәрсенбайдың соннан басқы нәшеси қалдыма деп басқылапты. 2) Бир жас декан жигит жасы алпысқа келип, шашлары ағарған профессорға: - Аға, қызлардың байрамы киятыр, шашыңды боятып, отырыспаққа пардозланып келиң, -депти. Профессор ақсақал: - Ҳаў қосшым, мен боятарман-аў, бирақ мени оятатуғын қызларың барма деп, гәптен утқан екен [2].

Халық ишиндеги ҳәзир пайда болып атырған басқы сөзлерден мысаллар келтирдик. Басқы сөз дәслеп әпиўайылаў ҳәзил формасында жүзеге келип, кем-кемнен ҳәўижге минип, баспалатып, кететуғын басқы сөзлерге айланады. Басқы сөзлери бир тәрептиң тапқырлық пенен өткир сөзли жуўабынан кейин тоқтатылады.

Көрнекли шайырымыз И.Юсупов қарақалпақлардың басқысын былай тәрийиплейди:

Шағал мәслик қызып бетер,
Жыққын қусап урып кетер,
Басқының көп бай төбети,
Бир байғусқа минип кетер.
Сөз ийнесин сабақласаң,
Қамырдан қыл суўырғандай
Ким баскыға шыдамаса
Шыға кашып жуўырғандай
Жыларыңды, күлериңди
Я билмесең не дериңди
Азлы-көпли абырайдан
Үзгендейсең гүдериңди
Дана болар наданында
Карсылығың қуры кетер
Олақ деген адамнында
Солақ пенен урып кетер
Отырғызып жүресинен
Туўдырғандай енесинен
Сақла қудай қарақалпақтың
Басқы деген бәлесинен». [4:345-350]

Шайыр басқы сөзлерин атқарыўшыларды «Басқының көп байтөбети» -жаңа мәнили фразеологизм сөзлерди дөретиў арқалы басқыға түскен адамлардың талантлылығын, тилге шешенлигин образлы сүўретлеў арқалы халықлық миллий уғымды бере алған. Басқыласпаның шешен адамларын «Қамырдан қыл суўырғандай» басқының тәбиятына тән болған, таўып айтылған сөзлерин тәрийплеўде пайдаланып, жүдә асқан шеберликти талап ететуғын басқы жанрын, өзгешелигин көрсетеди.

Басқыласып атырған еки адам бир-бириниң минез-қулқын, сыр-сыпатын жақсы билгенликтен, қандай болмасын оның кемшилигин таўып айтып жеңиўге ҳәрекет етеди. «Фольклорист алым Қ.Айымбетов басқыласпада алдына адам салмайтуғын, тилге шешен адам болған. Бир күни ол Халқабадта усы аўылдың муғаллими Атабай Дошетовқа тийисип кетипти. Атабай да гәпке шебер адам екен. Қәлли ағаның жасы үлкен ҳәм миймanлығын есапқа алып, бираз ўақытқа дейин шыдап баққан. Ең соңында: -Қәлли аға, басыңыздағы ҳәмме шашыңызды жыйнағанда бир ләңкиге жетпейди, сиз-әм адам басқылайсыз-аў, -депти. Басқы буннан ары өтлесип кетиўинен қорыққан, Қәлли аға дәлийл таўып мерекеден қайтып кетипти» [4:350].

Келтирилген басқы сөзлердиң ең изиндегиси басқыласыўшылардың басқы сөзлерине жуўмақ жасайды. Себеби адам бойында, мүшесинде, минез-қулқында кемшилик болады. Басқыда ретлестирип, утыў ушын бундай кемшиликлерди айтыў ерси көринбейди. Тағыда шайыр И.Юсуповтың айтқанындай «Олақ деген адамның да, солақ пенен урып кетер» ге және бир мысал: 1) Академик Сабыр Камаловтың Салый деген шофёры көп жыллар даўамында хызметинде болған. Гүздиң жаўынлы күнлериниң биринде жасы үлкенниң ҳаялы жазыўшы Г.Есемуратованы төркини Шымбай жаққа шақырыққа алып баратырып, аўылға жақынлағанда жаўын менен ийленип қалған кебир ылайға машинасы батып қалыпты. Көп қыйыншылықлар менен машинасын батпақтан шығарып алған Салый; -Пай аға деймен-аў, усы Өтениң сорынан басқа жердиң қызы қапылып па еди? –депти. Машинаның ишинде Гүлайша апа да бар екен, ҳеш ким ҳеш нәрсе дей алмай бир күлисипти.

2) Бир күни Қулымбет деген жигиттиң алдында бир ийти, артында бир ийти менен жолда киятырғанын жол бойында турған Базар деген жеңгеси көрип: -Ҳаў кәйним-аў ийтлериң қорықламаса өзиң жүре алмайтуғын қорқақ болып қалдыңба? –депти. Сонда Қулымбетте: -Аўа жеңге, аўылда жесир көбейип кетти солардан қорқаман, -депти.

Базар жеңгеси де жесир еди. Базарда қалыспай, -Жесирден қорыққан жигит емес. Үйдегиңнен қорыққан жасқаншақ шығарсаң, деп тағы басқыны баспалатыпты [2].

Басқыдан жеңилгенин билген адам енди оны даўам еттире алмайды. Басқы сөзлери қысқа мазмунлы яғный көлеми киши болып келеди. Басқы сөзлери тиккелей фольклорлық дөретпе, оны арнаўлы шайыр яки жазыўшы дөретип отырған жоқ. Олар халық ишиндеги шешен, тилге шебер адамлар тәрепинен импровизациялық усылларда, қәлеген орталықта пайда бола беретуғын аудитория таңламайтуғын, кең имканиятқа ийе жанр.

Қарақалпақ халқында да көркем өнерге деген ықлас жүдә күшли. Өткен дәўирлерде олардың мәденият сарайлары, театрлары, баспаханалары болмасада, усылардың орнын басатуғын дәрежедеги аўызеки көркем әдебиятты ядый дөретип, ядында сақлап, раўажландырып, әўладтан-әўладқа жеткерип берип келеди. Бул жолда жоқарыдағы айтқанымыздай көркем өнердиң қурамалы түрлерин синкритизм методлары арқалы өзлестирип, отыриспа, жыйынларда ортада қур дүзетип, өзлери атқарып, небир жанрларды даналық пенен қәлиплестирип халық хызмети ийгилигине, ағартыўшылыққа, руўхыятын байытыўға жумсап келген. Басқы жанры халықтың дөреткен туўындысы болып, халық пенен жанлы өмир сүрип киятырған жанр. Бул жөнинде тағыда шайыр Т.Мәтмуратовтың мына қосық қатарларында былай тәрийпленеди:

Күлиў ушын бирлесип,
Жәмленисип алыстан
Бирин бири излесип,
Басқыланып табысқан
Жылағанға күлисип,
Кеўиллерден шаң ушар,
Басқыласып көрисип,
Басқыласып дағысар.
Отырғанды думандай,

Жек көреди қарекең,
Ўаҳаҳасын аспанға,
Жеткереди қарекең. [5]

Қарақалпақ халқының өзине тән болған миллий өзгешеликлерин қосық қатарларында дәл сыпатланып, сәўлелендирип берилген шайырдың бул қосығы қарақалпақлардың басқа халықларға уқсамайтуғын салт-дәстүриндеги дайылы-жийенлердиң, жеңге менен қәйинниң, жезде менен балдыздың, тең қурбы-қурдаслардың ашық кеўил менен бир ҳәзиллесип, басқыласып алатуғын кең даласындай саҳрайы тәбияты, сулыў жырдың өзегине айландырылған. Қарақалпақлардың «Күлки деген мүлки бар» [9] -деп шайыр басқыға дәл жуўап беретуғын қосықты дөрете алған:

Қарақалпақтың неси бар,
Ең қымбатлы журты бар,
Кеўлиниң хошы бар,
Күлки деген мүлки бар.
Күлмесе күни өтпейди,
Күлмесе келмес уйқысы,
Кеўлиниң бир мушында,
Түртип турар күлкиси.
Бир күлисип алмаса,
Дийхан салы ормайды,
Ўаҳаҳасы болмаса,
Қарақалпақ болмайды. [5]

«Ҳеш қандай силтеў болмайды, егер қарақалпақ миллетин анық айырып таныгың келсе, қарақалпақлар араласып жүрипти-аў деген әтирапта қатты күлки, өлтире басқы болады. Күлисип атырған бир топар адамларды ушыратып тап усының ишинде қарақалпақ бар деп айтсақ ҳеш қандай да өтирикши болмайсаң. Халқымыз сол дәрежеде күлкини сүйеди, ҳүрметлейди, ойлап шығарады, аямай досына да, душпанына да жумсайды. Бул халқымыздың миллий айырмашылығының үлкен бир белгиси» [6].

Фольклордағы юмор-сатираны изертлеген Ю.Пахратдиновтың пикири менен шайыр Т.Мәтмуратовтың дөретпесиндеги қарақалпақлар ҳаққындағы сүўретлеўлери бирин-бири толықтырып тур. Бул қарақалпақ халқы жүдә ашық, ақ кеўил, дегишпели халық болып, елеге шекем аўызеки көркем әдебият жаратыў дәстүрин даўам еттирип, жанлы түрде сақлап киятырған талантлыларға, шешенлерге бай халық екенлигин көрсетеди.

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры көп томлық V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980. 71-74-б.
2. Автордың дала жазыўларынан.
3. Нызанов М. Қарақалпақлар. Екинши китап.(XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардың тарийхы, мәденияты ҳәм этнографиясы ҳаққында). –Нөкис: «Билим» 2021, 349-б.
4. Нызанов М. Сонда 349-350-б.
5. Мәтмуратов Т. «Күлки деген мүлки бар», «Жулдызлар жанар» қосықлар топламы. –Н.: «Қарақалпақстан» 1989.
6. Пахратдинов Ю. Адам жәмийет сатира. (Қарақалпақ фольклорындағы юмор ҳәм сатира). –Н.: «Қарақалпақстан» 1991.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ оғзаки ижодидаги басқи жанри ҳақида сўз қилинади. Басқи жанрининг, жанрий табиати таҳлил қилинади. Басқи сўзларнинг қорақалпоқ халқига хос бўлган хусусиятлари очиб берилган. Басқи сўзларининг қорақалпоқ халқи ичидаги ҳалигача жонли яшаши ва унинг аҳамияти очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается жанр баски в каракалпакском фольклоре. Анализируется жанровая природа баскского жанра. Выявляются особенности основных лексических единиц жанра баски каракалпакского народа. Раскрыто то, что лексика баски до сих пор живы среди каракалпакского народа и их значение.

**SUMMARY**

The genre of Karakalpak folklore is discussed. The genre nature of the Basque genre is analyzed. The peculiarities of the basic words of the Karakalpak people are revealed. The fact that Basky's words are still alive among the Karakalpak people and its significance is revealed.

## СӨЗ ОЙЫН ҚОСЫҚЛАРЫ – ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ ӨЗ АЛДЫНА БИР ЖАНРЫ СЫПАТЫНДА

**Қ.Бийсенбаев** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** болалар фольклори, савол-жавоб, драматик характер, сўз ва ўйин уйғунлиги, ижодкорлик, ижрочилик маҳорати.

**Ключевые слова**: детский фольклор, вопросы и ответы, драматизм, гармония слов и игр, творчество, исполнительское мастерство.

**Key words:** children's folklore, question and answer, dramatic character, harmony of words and games, creativity, performance skills.

Қарақалпақ көркем халық аўызеки дөретиўшилигинде «Сөз ойын қосықлары» ямаса «Ойын заўық қосықлары» атамалары көбинесе сораў-жуўап формасындағы поэзиялық қатарларға қарата айтылады. Балалардың көркем ойлаўының жемиси болған бул қосықлар көлеми жағынан ҳәр түрли: узын ҳәм қысқа болып келеди.

Сөз ойын қосықлары балалар фольклорының өз алдына тарийхый ҳәм дәстүрий характерге ийе болған жанрларының бири болып, балалардың бесик дәўири жуўмақланыўы менен атқарыла басланады. Әлбетте, бул қосықлар баланың жас өзгешелиги менен байланыслы айтылып, ойлаў ҳәм сөйлеў қәбилети раўажланып атырған еки-үш жаслардан басланады. Балалар сөз ойын қосықларының тийкарында қызықлы сораў-жуўап формасындағы көркем сөз қатарлары жатады.

Қарақалпақ балалар фольклорында сөз ойын қосыкларының халық арасынан жыйналыў, жазып алыў ҳәм жәрияланыў жумыслары XX әсирдиң 30-40-жылларында басланған. Бирақ, бул жанр бойынша бүгинги күнге шекем өз алдына арнаўлы жумыс исленбеген. Сөз ойын қосықлары оз алдына жанрлық қәсийетлерге ийе. Тили шыққан, яғный еркин сөйлей алатуғын сөз мәнилерине түсиниўши ҳәм сораўларға жуўап қайтара алатуғын балаларға үлкенлер тәрепинен айтылады. Сөз ойын қосықлары дәслеп балаға үйретилип атырған ўақытларда диалог формасында